# Мысыхь

Л. М. Абдалла

# АХЬМЭДРЭ ХЬЭМДИЙРЭ

Лэжьэн зэрыщIидзэ лъандэрэ зыбжанэ щIами, Ахьмэд и гур пыIэтэкъым. И лэжьыгъэр игу ирихьи хуэдэт, лэжьапIэкIэ дэбгъуэн щыIэтэкъым, хуэмышэчыр зи унафэ щIэтырт: зэрыхузэфIэкIкIэ къигъэикIэрт, и щхьэм ирилъытыртэкъым, жэрдэмыншафэ кърипль зэпытт.

ЛэжьапIэм къыIукIыжын мурад ищIат Ахьмэд зэрэ—тIэурэ, ауэ Iэмалыншэт: лэжьапIэ гъуэтыгъуейщ. КъинэмыщIауэ, адрейхэм къыхуагъэлъагъуэ улахуэм нэхърэ нэхъыбэ къыщихьырт мы фирмэм, арат ар щIимыбгынэр. ЛэжьапIэм къыIукIыжмэ, унагъуэр сытым щыгугъынт. Ахьмэд бынищ иIэщи, щыри еджакIуэщ, и къуэ нэхъыжьыр университетым щIэсщ, инженер IэщIагъэм хуоджэ.

Хьэмдий зи цIэ лIы гуэр къэуващ Ахьмэд зыщылажьэ фирмэм. Ахьмэд нэхърэ нэхъыщIэт ар, цIыху нэжэгужэт, гупцIанэт. Абы ныбжьэгъу хуэхъуащ Ахьмэд. ЛэжьапIэм зэдокIуэ, зыр зым и унэ ихьэ хъуащ, ягу зэкIэрыпщIэри. Хьэмдий бын унагъуэшхуэщ — къуитIрэ пхъуитIрэ иIэщ. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэм деж Ахьмэдрэ Хьэмдийрэ зытепсэлъыхьын я мащIэкъым: зэбгъэдэтIысхьамэ, Iэджэм и щхьэфэ йоIэбэ — гукъанэ я гъунэжщ. Лэжьыгъэ хъыбаркIэ яублэри, я псалъэмакъыр хуэм—хуэмурэ куу мэхъу, тIури зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм нос. Ахьмэди Хьэмдии дин яIыгъщ, Тхьэр яфIэщ мэхъу. Ахьмэд муслъымэнт, Хьэмдий Библием еджэ зэпытт, Хьисэ Мысыхь* и Iумэтым итт.

Хьэмдий нэхъ благъэ хуэхъуху, Ахьмэд гу лъитэрт ар Тхьэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым, зэригъэлъапIэм. Ар зи фIыщIэр Мысыхьырауэ илъытэрт Ахьмэд. ЖыпIэнурамэ, езы Ахьмэди и фIэщ хъурт Мысыхьыр. Абы и хъыбар куэд щрихьэлIащ Ахьмэд къурIэным. Ар щыгъуазэ хъуащ Мысыхь Мэрям пщащэм (*Мариам ал — Атрэ*) къызэрилъхуам. Тхьэм и IэмыркIэ Абы (*Мысыхь*) телъыджэ куэд илэжьащ, Инджылыр Тхьэм анэмэт зыхуищIар Аращ. Ахьмэд, дауи, къыгурыIуэрт Мысыхь и гъащIэм хищIыкIышхуэ зэрыщымыIэр, гурэ псэкIэ хуэпабгъэрт Тхьэм и лIыкIуэм (*расул*) теухуауэ нэхъыбэ зэрызригъэщIэным КъурIэным алейкIи игъэлъапIэркъым Хьисэ Мысыхь!

Мысыхьым теухуа хъыбархэм нэхъ кууэ щыгъуазэ ищIыну елъэIуащ Ахьмэд и ныбжьэгъум. Хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къригъэдэIуащ ар Хьэмдий — а тIум я псалъэмакъыр хуэм—хуэмурэ кууи кIыхьи хъуащ.

---

*Хьисэ Мысыхь — Иисус Христос, Мессия.

# ТХЬЭМ И ЩЫНЭ

— Мэрям икъуэ Хьисэ и хъыбар къызжеIэ, — елъэIуащ Ахьмэд и ныбжьэгъум. — Абы теухуауэ нэхъыбэ сщIэну сфIэфIщ.

ЗаулкIэ гупсысэри, Хьэмдий жиIащ:

— Тхьэм Мысыхь къыщIигъэкIуар къыбгурыIуэну ухуеймэ, къурмэным (*тыхьым*) и мыхьэнэр зэхэпщIыкIын хуейщ.

— Къурмэнми? Сыт абыкIэ жыпIэну узыхуейр? — щIэупщIащ Ахьмэд.

Хьэмдий жэуап къритащ:

— Къурмэныр махуэ лъапIэщ. Ар къыщежьар Тхьэм Ибрэхьим и къуэр къурмэн (*тыхь*) ищIын хуейуэ къыщыжриIа махуэрщ. Сытыт къыщыщIынур Ибрэхьим и къуэм, Тхьэм абы и пIэкIэ нэгъуэщI къурмэныпхъэ къаримытатэмэ?

— Исхьэкъ и гъащIэм пыкIат, — жиIащ Ахьмэд.

Къурмэным и мыхьэнэр аращ жиIащ Хьэмдий. — Зым и пIэкIэ адреим и гъащIэр ет. Тхьэм Ибрэхьим мэл къритащ, Ибрэхьим ар къурмэн ищIащ. Ибрэхьим и къуэм сыхуэдэщ сэри. Сэри лIэныгъэм и IэмыщIэм силъщ.

— Сыт абыкIэ жыпIэнур? — щIэупщIащ Ахьмэд, Iэнкун хъуауэ.

Хьэмдий жэуап къритыжащ:

— Библием итщ:

**«Гуэныхьым пэкIуэр лIэныгъэщ».**

Гуэныхь зыпылъ злэжьакъэ — схуэфащэр ажалщ (*лIэныгъэщ*). Сэ сыгуэныхьщIакIуэщ. ЦIыхум нэгъуэщIущ сакъызэрыщыхъур — гуэныхь симыIэущ. Пэжщ, тхьэ солъэIу махуэ къэси, Тхьэм и Псалъэ лъапIэм (*Библием*) соджэ, Абы сыхуолажьэ, Ар сигу илъ зэпытщ. ИтIани Тхьэм и пащхьэм сыщыкъуаншэщ сэ (*сыгуэныхьщ, IакIуэщ*).

Тхьэм и пащхьэм гуэныхь щызимыIэ гуэр щыIэнкIэ хъуну? — еупщIащ Хьэмдий и ныбжьэгъум.

— ЩыIэкъым! — жиIащ Ахьмэд. — Тхьэм фIэкI гуэныхьыншэ (*узэщIа*) щыIэкъым.

— Апхуэдэу щыщыткIэ, Тхьэм и пащхьэм щыгуэныхьщIакIуэщ (щыкъуаншэщ) псори, пэжкъэ? — жыIащ Хьэмдий.

— Пэжщ, дауи, — акъылэгъу хъуащ Ахьмэд.

— Абы щыгъуэ Ибрэхьим и къуэм селъытащ сэри — ажалым и нэлат стелъщ. Си гуэныхьыр зэрыспшыныжынур сыткIэ? Сэр папщIи къурмэныпхъэ хихауэ пIэрэ Тхьэм, си гуэныхьыр ириспшыныжын щхьэкIэ? — щIоупщIэ Хьэмдий адэкIи.

Ахьмэд жэуап къритыфакъым. Хьэмдий и псалъэм пищащ:

— УмэхъакIуэ* Яхья (*Яхья ибн Зэчрей*), Мысыхь и зэманым псэуам, Ар щилъэгъуа япэ махуэм жиIэгъащ:

**«Мыр Тхьэм и щынэщ, дуней псом я гуэныхьыр зи пщэ дэзылъхьэращ».**

Мысыхь цIыхухэм я щынэкъым. Ар Тхьэм и щынэщ. Тхьэм и лIыкIуэш Ар. Ар ищхьэкIэ (*уафэм*) къехащ. Тхьэм и Псэр (*Рух Аллах*) Мэрям пщащэм хыхьащ, ар уэндэгъу хъури, къуэ къилъхуащ. Уэ зэрыпщIэщи, Абы Мэрям и къуэ ХьисэкIэ, Тхьэм и ПсалъэкIэ (*Каллимат Аллах*), Тхьэм и ПсэкIэ (*Рух Аллах*) йоджэ. Ар къабзэ дыдэт. Уэгум къикIащ Ар Тхьэм и Щынэу. Тхьэм и пащхьэ гъащIэ къабзэ, гъащIэ узэщIа щигъащIэри, Мысыхь хьэкъ ищIащ, Ар Тхьэм зэри — Щынэр. Абы зэи жиIэн хуей хъуакъым: «Тхьэшхуэм къысхуигъэгъуну солъэIу (*Астагфер Аллах Ал—Азим*)», сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Ар Тхьэм и Щынэ къабзэти. Дуней псом я гуэныхьыр ипшынын щхьэкIэ, Тхьэм и Щынэу къыщыкIуакIэ, Ар къурмэныпхъэ хъун хуейт. Ар дыдэр къэхъуащ, Абы и гъащIэр, Езыр арэзыуэ, дэр папщIэ итащ. Ауэ Ар къэхъужащ (*къэтэджыжащ*). Уафэм псэууэ дэкIуеижащ. Зэгуэр къигъэзэжынущ Абы мы дунейм.

И псалъэр заулкIэ зэпигъэущ, Ахьмэд еплъри, Хьэмдий къыщIигъужащ:

— Ибрэхьим и къуэм селъытащ сэри: лIэныгъэм (*ажалым*) и IэмыщIэм силъщ. Ауэ Тхьэм и Щынэ къабзэм и фIыгъэкIэ сиIэщ си гуэныхьым пэхъун къурмэныпхъэ. А Щынэм и фIыгъэкIэ Тхьэм ди гуэныхьхэр къытхуегъэгъу, жэнэтри унапIэ тхуещI. Дунейм цIыхуу тетым я гуэныхьыр, уи гуэныхьри хэту, Ахьмэд, Мысыхь ящхьэщех.

Ахьмэд куэдрэ щысащ щыму, хэгупсысыхьауэ. Иужьым абы жиIащ:

— Мысыхь дуней псом я гуэныхьыр къыщищтакIэ, сэ сылIэн хуейкъым... Апхуэдэу щыщыткIэ, сэ гъащIэ уахътыншэ сиIэщ.

— Ахьмэд, — жиIащ Хьэмдий, — укъыщалъхуа махуэр бгъэлъапIэу дощI, псалъэм папщIэ. Мысыхь къэкIуэри уи бжэм къытоуIуэ. Тыгъэ къыпхуихьащ, Абы къыбжеIэ: «Ахьмэд, тыгъэ гуэр уэстынут, а тыгъэм уи гуэныхьри пщхьэщихынущ, гъащIэ уахътынши къуитынущI, Тхьэм и пащхьи нобэ уришэфынущ. Ауэ абы щхьэкIэ блэжьыпхъэ щыIэщ: тобэ къэпхьыжын, уи гуэныхьым ухущIегъуэжын,уэр папщIэ къурмэн зызэрысщIар пщIэн хуейщ. А тыгъэр уи фIэщ пщIымэ,ар ууейщ, умыщIмэ абы упыкIащ».

Ахьмэд куэдрэ егупсысащ иджыпсту зэхиха псалъэм. Хэзэрыхьати, жиIэнури ищIэртэкъым абы.

— БгъэщIагъуэ хъунщ си псалъэр, — жиIащ Хьэмдий. — Ар щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым: Тхьэм дыхуэзыузэщI Мысыхь и гугъу щызэхэтхкIэ, Ар, Мэрям и къуэ Хьисэ, къэтэджыжагъэххэщи, ди гум и бжэм къытеуIуэ пэлъытэщ. Ар дыдэр Абы щыжиIащ Библием:

**«Бжэм сыныбгъэдыхьауэ сынытоуIуэ. Си макъыр зэхихрэ бжэр зыгуэрым къыIуихмэ, абы деж сыщIыхьэнурэ пщыхьэщхьэшхэ сыдэшхэнущ, езыри сэ къыздэшхэнущ».**

Хьэмдий и псалъэм пищащ:

— Мысыхь бжэр хуIупхыным, шыгъу—пIастэ дэпшхын, псалъэгъу къыбдэхъун папщIэ, Ар уи гъащIэм щыщ пщIыным къикIыр Тхьэм и тыгъэр сэри нэгъуэщI дэтхэнэ зыми къытлъысынырщ.

— Мысыхь теухуауэ иджыпсту къызжепIар си гум кууэ зэрыхыхьар пщIэну сыхуейщ, Хьэмдий, — жиIащ Ахьмэд. — Ди псалъэмакъым куэду сегупсысын хуейщ иджыри.

ДяпэкIэ дыщызэхуэзэкIэ Мысыхь теухуауэ нэхъыбэ къызжепIэмэ, си гуапэ хъунут.

## ТХЬЭМ И ПСАЛЪЭ

— Марям и къуэ, Хьисэ, теухуауэ зымахуэ къызжепIам куэдрэ сегупсысащ, — жиIащ Ахьмэд. — Ди псалъэмакъым пытщэн и пэ зыгуэрхэмкIэ сыноупщIынущи емыкIу сыкъэпщIынкъым. Абыхэм я жэуап сыхуейт.

— УпщIэм емыкIу илъкъым, къызэупщI, — жиIащ Хьэмдий, Ахьмэд зыщIэупщIэнум гу лъита щIыкIэу.

Ахьмэд сакъыпэурэ къыщIидзащ:

— Уэри зэрыпщIэщи, дэ, муслъымэнхэм, ди фIэщ мэхъу уафэм къеха тхыгъэхэр: Торэтри, Забурри, Инджылри, КъурIэнри. Ауэ, сэ сызыщIагъэджыкIаращи, а тхылъхэр, КъурIэным нэмыщI, иудейхэмрэ чыристэнхэмрэ зэблашащ, апхуэдизкIэ зэблашащи, абыхэм ярытыр уи фIэщ пщIы хъунукъым. Абы къыхэкIкIэ, уэ уи фIэщ хъу Тхылъ ЛъапIэм (*Библием*) пэжри пцIыри щызэхэзэрыхьыжащ, зэблашри.

— Абы щыхьэт техъуэ гуэр тхыдэм къыхэбгъуэтэфын? — щIэупщIащ Хьэмдий.

Ахьмэд заулкIэ гупсысащ, ауэ псалъэ гъущэ фIэкI, щыхьэт хъун гуэри зэхихауэ къыхуэгубзыгъыжакъым.

Хьэмдий и псалъэм пищащ:

— КъызжеIэт: дапщэщу пIэрэ а тхылъхэр щызэблашар, дауи зэблашыфа — ущыгъуазэ абы?

— Хьэуэ, сыщыгъуазэкъым, — жиIащ Ахьмэд. — Апхуэдэ упщIэхэм я жэуап зэи зыми зэхызигъэхауэ сщIэжыркъым.

Заулрэ заIэжьэжри, Хьэмдий и ныбжьэгъум еупщIащ:

— КъурIэнри зэблашауэ къызыфIэбгъэщIыфынкIэ хъун?

— Iэстофрилэхь! — къэщтащ Ахьмэд, — Ар къэхъункIэ Iэмал зимыIэщ, КъурIэныр Алыхьым и пащхьэм къикIа тхыгъэщ, Абы хэIэбэфын щыIэкъым, муслъымэнми ядэнукъым.

— АтIэ, — жиIащ Хьэмдий, — дэри Библием дызэрыхущытыр апхуэдэущ. Тхыгъэ ЛъапIэм, Библием хэIэбэу зыхуадэн щыIэ, Тхьэр гурэ псэкIэ зи фIэщ хъухэм? Сэ си фIэщ мэхъу, уафэри щIылъэри къэзыгъэщIа Тхьэр, псори зыщIэ, псори зылъэкI Тхьэ лъэщыр. И Псалъэр цIыхухэм къаритащ Абы, а Псалъэр зэрихъумэн къэруи иIэщ.

Ахьмэд и нэм щIэплъэри, Хьэмдий щIэупщIащ:

— Псори Тхьэм и унафэкIэ (*и IэмыркIэ*) къызэрыхъур уи фIэщ хъурэ?

— Мэхъу, — жиIащ Ахьмэд.

Хьэмдий и псалъэм пищащ:

— И Псалъэр къарита нэужь, Ар зэблашынкIэ Тхьэм зыгуэр хуит ищIауэ уи фIэщ хъурэ? Хьэмэрэ Тхьэм и Псалъэр зэрихъумэн къарур къемащIэкIауэ плъытэрэ?

Ахьмэд акъылэгъу хъуащ:

— Ар шэчыншэщ: Тхьэм и Псалъэр зэрихъумэн къару иIэщ.

— ПщIэрэ, Ахьмэд, — жиIащ Хьэмдий, — Библиер тхылъ телъыджэщ; ар илъэс 1400-рэ хуэдизкIэ ятхащ! Абы хохьэ Теурэтри, Забурри, Инджылри, расулхэмрэ бегъымбархэмрэ ятха нэгъуэщI тхылъ куэди. Библиер IыхьитIу зэхэлъщ: Мысыхь къалъхун и пэ щыIам теухуа Пасэрей Уэсятымрэ Мысыхь дунейм къэкIуа нэужь ятха УэсятыщIэмрэ (*Инджыл*). Библиер бзэ зэмылIэужьыгъуищкIэ ятхащ.

— Сыт хуэдэбзэ ахэр? — щIэупщIащ Ахьмэд.

— Пасэрей журтыбзэ, арамеибзэ, алыджыбзэ, — жэуап къритащ Хьэмдий.

— Тхьэм и псалъэр цIыху Iэджэм яригъэтхащ: пащтыхьхэми, къулыкъузехьэхэми, Iэхъуэшыхъуэхэми, бдзэжьеящэхэми. Тхьэм и пащхьэм къикIа тхылъ телъыджэщ Библиер — абы шэч лъэпкъ къытумыхьэ: цIыху Iэджэм ятхами, зэратхрэ Iэджэ щIами, Ар зыри хэмыщIауэ къызэтенащ, зы Тхыгъэ лъапIэщ, хэIэбапIэрэ зэблэшыпIэрэ хуумыгъуэтэну. Библием зы купщIэ иIэщ, икIыхьагъкIэ кIуэцIрыкIыу. Ар Мысыхь и хъыбарырщ, Ахьмэд.

— ЗэрыжыпIэмкIэ, Тхьэм Мысыхь и гугъу ищI зэпытащ илъэс 1400-м и кIуэцIкIэ? — игъэщIэгъуащ Ахьмэд.

— Ахьмэд, — пыгуфIыкIащ Хьэмдий, — Тхьэм Мысыхь и гугъу къытхуещI игъащIэ лъандэрэ — нобэр къыздэсым.

— Ар къэхъункIэ хъуну? — шэч къытрихьащ Ахьмэд.

— Хъунущ, Тхьэм хузэфIэмыкIын щыIэкъым, — жиIащ Хьэмдий. — Абы иужькIэ дытепсэлъыхьынщ.

— Хъунщ, жиIащ Ахьмэд. — Си гуапэу сынодэIуэнщ.

# КЪУРМЭН

— СымыгъэщIэгъуэн слъэкIынукъым: дауэ Мысыхь Библие псом купщIэ зэрыхуэхъуфынур? — щIэупщIащ Ахьмэд.

— Мысыхь Тхьэм зэри—Щынэм, ди гуэныхьхэр Абы къызэрищтам и гугъу тщIати. ПщIэжыркъэ? — и ныбжьэгъум еупщIащ Хьэмдий.

— СощIэж, дауэ сщыгъупщэнт ар, — жэуап къитыжащ Ахьмэд.

— Мэрям и къуэ Мысыхь къалъхун и пэкIи къурмэным дыщIигъэджыкI зэпытащ Тхьэм, — жиIащ Хьэмдий.

— Дауэ ар? — игъэщIэгъуащ Ахьмэд.

— Каинрэ (*Къэбил*) Авелрэ (*Хьэбил*) я лъэхъэнэм дунейм цIыху дапщэ тетагъэн? — щIэупщIащ Хьэмдий.

А упщIэри игъэщIэгъуащ Ахьмэд, ауэ жэуап къритащ:

— ЦIыхуиплI: Iэдэм, Хьэуа, Къэбил, Хьэбил.

— Узахуэщ: цIыхуиплIщ, — жиIащ Хьэмдий. — Ауэ а плIыми ящIэрт Тхьэм къурмэн хуэщIын зэрыхуейр — арыншауэ Абы узэрызэхимыщIыкIынур. Дауэ абыхэм ар ящIэ зэрыхъуар? — щIэупщIэри, и псалъэм пищащ Хьэмдий:

— Сыту жыпIэмэ Тхьэр зэрыкъабзэри зэрылъапIэри, цIыхур зэрыгуэныхьлыри и гуэныхьхэр къурмэнкIэ ипшыныжын зэрыхуейри ящIэрт абыхэм.

Нухь Тхьэр игъэлъэпIащ, къурмэн хуищIурэ; Ибрэхьими аращ — къурмэн ищIурэ; Муси, Даути, адрей бегъымбархэми, расулхэми къурмэнкIэ ягъэлъэпIащ Тхьэр. ПщIэуэ пIэрэ уэ, сэри къурмэнкIэ Тхьэр зэрызгъэлъапIэр?

— Хьэуэ, укъыздэгушыIэ си гугъэщ иджы, — жиIащ Ахьмэд. — Къурмэн пщIын мэл къэпщэхун щхьэкIэ, уэ, дауи, бэзэрым укIуэркъым, пэжкъэ? — пыгуфIыкIащ Ахьмэд.

— Си гуэныхьхэр сщхьэщихын папщIэ, зи псэр зыта МысыхькIэ, Тхьэм и ЩынэмкIэ, согъэлъапIэ сэ Тхьэр, — жэуап къитащ Хьэмдий. — Ар тхылъ ЛъапIэм (*Библием*) итщ:

**«Закъуэщ Тхьэр, закъуэщ Тхьэмрэ цIыхухэмрэ яку дэт, псоми ди гуэныхьхэр тщхьэщихын папщIэ, зи псэр зыта Мысыхьи».**

Зы Тхьэщ щыIэр, Тхьэмрэ цIыхухэмрэ яку дэт Мысыхьи закъуэщ, Абы дэр папщIэ къурмэн зищIащ. Уэр папщIи, Ахьмэд. Дунейр къызэриухуэ лъандэрэ, нобэр къыздэсым, цIыхум Тхьэр егъэлъапIэ Абы къурмэн хуищIурэ.

— Уи псалъэр къызгурыIуэ си гугъэщ, — жиIащ Ахьмэд, иджыпсту зэхихам егупсысурэ. — Ауэ а псор си нэгу къыщIэзгъыхьэн щхьэкIэ, нэхъыбэм щыгъуазэ сыхъун хуейщ.

Хьэмдий, гупсысэри,жиIащ:

— Къурмэным и мыхьэнэр Тхьэм къыдгуригъаIуэ зэпытурэ къекIуэкIащ игъащIэ лъандэрэ, аращ Мусэ бегъымбарым ТеурэтымкIэ дызыщIигъэджыкIыр — ар Тхьэм къэлэн къыщищIауэ.

Къурмэным и мыхьэнэр къыщыгъэлъэгъуащ Шэрихьэт хабзэми — ар гуэныхьыр зэрапшыныж уасэу зэрыщытыр:

**«Хабзэм и пкъ иткIэ, лъым псори къабзэ дохъуж, лъы къыумыгъэкIауэ къыпхуэгъуIаркъым».**

— А псори сыткIэ епха Мэрям и къуэ Хьисэ и цIэм? — щIэупщIащ Ахьмэд. — Къурмэныращ жыхуэсIэр.

— Къурмэным и мыхьэнэм и гугъу щащIкIэ, бегъымбархэр тепсэлъыхьу щытащ Мысыхь уафэм къызэрехынум. Абыхэм ящIэрт: Мысыхь дунейм къытехьэнущ, и гъащIэр ди гуэныхьхэм щIитын папщIэ.

Библиер къызэгуихри, Хьэмдий жиIащ:

— Мис еджэ Мысыхь къурмэн зэрызищIам теухуауэ Библием итым. Мыр зытхар Ишай бегъымбарырщ, щитхар Мысыхь уафэм къехыным илъэс 700 иIэущ:

**«Ди узыфэу хъуар Езым къищтащ Абы; дэ ди гугъащ Абы Тхьэр къеуауэ, тезыр къытрилъхьауэ. Абы игу хэщIащ ди гуэныхьхэм папщIэ, дызэрыхабзэншэм щхьэкIэ; дэращ Абы тезыр къыщIытехуар, Абы и фIыгъэщ дэ (*узыншэ*) дызэрыхъужар. Мэлым хуэдэу дыщхьэрыуат дэ псори, гъуэгум дытещхьэрыукIат; Тхьэм псоми ди гуэныхьхэр Абы иригъэпшынащ. Ар ялIащ, Езыр арэзыуэ, И жьэ зэтрихакъым; мэл хуэдэ укIыпIэм ирашащ Ар, щынэ ящым хуэдэу щымащ, И жьэ зэтрихакъым Абы».**

А псалъэхэр и гум хыхьауэ, Ахьмэд щIэупщIащ:

— Мэрям и къуэ Хьисэ къалъхуным лIэщIыгъуэ зыбжанэ иIэу ятха а псор?

— Ятхащ, — жиIащ Хьэмдий. — Мысыхь, Даут бегъымбарым и лъэпкъым къызэрыхэхъукIынур, куэд щIауэ жаIэрт. Мысыхь къалъхуным илъэс мин и пэкIэ псэуа Даут бегъымбарыр тетхыхьыгъащ Ар зэралIынум. Жорым кIэрылIыхьащ Ар — абы нэхъ укIыкIэ хьэлъэ щыIэкъым.

Даут бегъымбарым итхыгъащ:

**«Псы хуэдэ сыжэщIащ сэ; си къупщхьэхэр щэщащ; си гур шэху хуэдэ хъури си кIуэцIым иткIухьащ. Си къарур схэгъукIащ кхъуэщын гъур хуэдэ; си бзэгур си тэмакъым кIэрыпщIэжри, ажалым и**

**ІэмыщІэ сиплъхьащ сэ. Хьэхэр къызэжащ сэ, бзаджэнаджэхэм сыкъ-аувыхьащ, си Іи си лъи (*гъущІ Іунэр*) къыхаукІащ. Си къупщхьэ псори пхуэбжынут, ауэ ахэр къызжьэхоплъыхь, джэгупІэ сащІауэ; си щыгъынхэр зэхуагуэшыж, пхъэидзэ ящІауэ».**

Апхуэдэ укІыкІэ щыІакъым Даут и зэманым, итІани и нэгу щІэкІа хуэдэ тотхыхь абы. ИужькІэщ апхуэдэ укІыкІэр къыще-жьар, римлянхэм апхуэдэ укІыкІэр къагъэсэбэп хъуакІэт Мы-сыхь и зэманым.

— Сэ къызэрызгурыІуамкІэ, уэ жыпІэну узыхуейр мыращ па-сэрейхэм къэхъункъэщІэну жыхуаІа псор Мэрям и къуэ Мысыхь деж цІыхум я нэгу щыщІэкІащ, — жиІащ Ахьмэд.

— Пэжщ, ар къудейкъым, нэгъуэщІ Іэджи цІыхум я нэгу щыщІэкІащ Мысыхь деж, — жэуап къритащ Хьэмдий. — Езы Мысыхь зыбжанэрэ къажриІащ цІыхум, и гъащІэр щхьэузыхь ищІын щхьэкІэ, уафэм къызэрехар. Мис Абы и псалъэр:

**«ЦІыхум и Къуэр къыщІэкІуар, Абы къулыкъу хуащІэн щхьэкІэкъым, Езым щхьэузыхь зищІын, и псэр Іэджэм я гуэныхь-хэм щІитын щхьэкІэщ».**

— КъыбгурыІуа иджы, Ахьмэд, къурмэным и Іуэхур Библием и кІыхьагъкІэ зэрыпхыкІыр, Мысыхь деж псори зэщІа зэры-щыхъуар?

— Иджыри къэс зэи зэхэсхатэкъым ар, Хьэмди. ГъэщІэгъуэн дыдэ себгъэдэІуащ.

Ар нэхъри зэхэсщІыкІын щхьэкІэ, зэман сыхуейщ, губгъэн къысхуумыщІ, сэ иджыри сыкъэкІуэнущ уи деж, нэхъыбэжми сыщІэупщІэнущ, — жиІащ Ахьмэд.

— Мы Библиер сІых, тыгъэ пхузощІ, — жиІащ Хьэмдий. — ИнджылымкІэ къыщІэдзэ, абы щыгъуазэ уищІынущ Мысыхь и гъащІэм, Абы илэжьа телъыджэхэмрэ и ущиехэмрэ.

— Тхьэр арэзы къыпхухъу, — жиІащ Ахьмэд. — Мы тхылъ лъапІэм и хъыбар зэхэсхащ, ауэ иджыри къэс седжакъым. Пэжщ, си нэ къыхуокІ Мэрям и къуэ Хьисэ и хъыбар телъыджэхэмрэ и ущиехэмрэ.

# ГУЭНЫХЬ

— Хьэмди, — жиIащ Ахьмэд, и псалъэм хуемыпIэщIэкIыщэурэ. — Иджырейуэ дызэрызэхуэзэ лъандэрэ Мысыхь си гупсысэм хэкIкъым, цIыху цIыкIум я гуэныхьхэм Абы и гъащIэр зэрыщIитам куэдрэ сегупсысащ. КъызгурыIуэну сыхуейт мыри: дэнэ гуэныхьыр къыздикIыр, сыт ар къызыхэкIыр. Гуэныхьым и хьэзабым щхьэ хэмыкIрэ цIыхур?

— КъыбгурызгъэIуэфын си гугъэщ, — жэуап къритащ Хьэмдий. — И пэ дыдэм къыщыщIэдзэн хуеящ, гуэныхьыр къызыхэкIар къыдгурыIуэн щхьэкIэ.

Теурэтым зэритымкIэ, дунеймрэ цIыхумрэ къигъэщIа нэужь, цIыхум жэнэтыр унапIэ хуищIыгъащ Тхьэм. Жэнэтым щыкъабзэ дыдэт (*щыгуэныхьыншэт*) цIыхур, Тхьэм сыткIи гурыIуэу щыпсэурт абы. Ауэ, уэри зэрыпщIэщи, Тхьэмрэ цIыхумрэ я зэхуакум дэлъа зэгурыIуэныгъэр дэкIуэдыкIащ. Къэхъуар пщIэрэ, Ахьмэд?

— Псори зи пкъым къикIар шейтIаныращ, аращ зи лажьэр, — жиIащ Ахьмэд.

— Узахуэщ! — жиIащ Хьэмдий. — Емрэ фIымрэ зэрызэхагъэкI (*къызэращIэ*) жыгым къыпыкIэр ишх мыхъуну цIыхум къриухылIат Тхьэм. Мыр къыжриIащ Iэдэм:

**«Хадэм ит дэтхэнэ жыгми къыпыкIэр пшхынущ уэ; емрэ фIымрэ зэрызэхагъэкI жыгым къыпыкIэр умышх; сыту жыпIэмэ ар щыпшха махуэм ажал уиIэ хъунущ».**

Ауэ шейтIаныр къэкIуащ, блэ теплъэ зищIри; Iэдэмрэ Хьэуарэ дишэхащ, Тхьэм емыдаIуэж хъури абыхэм, Абы хуит зыхуимыщIа жыгым пыт мыIэрысэр яшхащ. Абы насыпыншагъэшхуэ къахудэкIуащ цIыхум, абдеж щегъэжьауэ гуэныхьым иубыдащ цIыхур, абы щыщ хъуащ, абы лъандэрэ гуэныхьлы хъуащ цIыхур.

— ЦIыху псори хъуа гуэныхьлы? — шэч къытрихьащ Ахьмэд. — Ар гурыIуэгъуафIэкъым сэркIэ. Дауэ цIыху псори гуэныхьлы зэрыхъуар?

— Абы ишха мыIэрысэм хуэдабзэ хъуащ цIыхур, — жиIащ Хьэмдий. — Емрэ фIымрэ хузэхыхьащ абы. Iуэху телъыджэ, IуэхуфI дыдэ илэжьыфынущ цIыхум, итIанэ, зригъэзэкIынурэ, мыхъумыщIагъэ, щIэпхъэджагъэ дыдэ илэжьыфынущ, и гъунэгъум ефыгъуэжыфынущ, и мылъкур фIишхыфынущ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, цIыхум гущIэгъу, лъагъуныгъэ дэплъагъунущ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ уеплъыжмэ, ар фыгъуэнэдщ, икIэщ, пцIыупсщ, щхьэхуещэщ, гуэныхьщIакIуэщ.

Уэри зэрыжыпIащи, Ахьмэд, цIыхур гуэныхьым игъакIуэркъым, абы иIыгъ зэпытщ. Дин псори щIокъу цIыхур гуэныхьым къызэрыхашыным; цIыхур гуэныхьым пэIэщIэ зэращIын унафэ куэд къащтэ къэрал псоми. Нэхъ икIэращи, гуэныхь зыпылъ зэрилэжьыракъым цIыхур щIэгуэныхьлыр, гуэныхьлыщи, аращ абы гуэныхь зыпылъ щIилэжьыр. Ери гуэныхьри хузэхэтщ цIыхум. Пэжкъэ ар? — еупщIащ Хьэмдий и ныбжьэгъум, и нэм щIэплъэурэ.

— Си жагъуэ, си щIасэми, акъылэгъу сыбдэхъун хуей мэхъу: цIыхум щхьэкIэ жыпIар пэж зэфэзэщщ. Ери фIыри хузэхэтщ цIыхум — абыкIэ узахуэщ, — жиIащ Ахьмэд. — ШейтIаным илажьэр сыт-тIэ?

— ПщIэрэ, гуэныхьыр къигъэсэбэпурэ, шейтIаным цIыхум и гъащIэм тепщэ зыхуищIащ, цIыху цIыкIур и IэмыщIэ ириубыдащ, — жиIащ Хьэмдий. — Iэдэмрэ Хьэуарэ зэгуэр дишэхыфащ абы, ар дыдэрщ ноби зыщIэкъур. Ноби егъапцIэ абы цIыхур, гуэныхь длэжьурэ дигъэпсэун щхьэкIэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, гуэныхь дигъэлэжьурэ, шейтIаным ди гъащIэм тепщэ зыхуищIауэ дегъэпсэу, гуэныхьыращ дэ Тхьэм пэIэщIэ дызыщIыр. Дунейр нобэ икIэ хъуамэ, ар зи лажьэр гуэныхьыращ.

Псори узэщIауэ къигъэщIат Тхьэм, ауэ цIыхум мыгъуагъэ куэд трилэжьыхьащ мы дунейм: лъэпкъхэм яку зауэ къыдохъуэ, зыр зым егъэпщылI, зыр зым йоныкъуэкъу, зэран хуохъу, цIыхум и гъащIэр зэтезыкъутэ мыгъуагъэ Iэджи щызокIуэ дунейм.

— ЗэрыжыпIэмкIэ, нобэ дызэрыщытым хуэдэукъым Тхьэм дыкъызэригъэщIар, нобэрей дунейр уцIэпIа хъуамэ, зи лажьэр Iэдэм IэщIэщIа гуэныхьырщ — аракъэ къыбгурыIуэн зэрыхуейр? — щIэупщIащ Ахьмэд.

— Ар дыдэщ, жиIащ Хьэмдий. — Гуэныхьыр цIыхум зэрыхыхьар IэдэмкIэщ. Мис зэратхар:

**«Зы цIыхукIэ хыхьащ гуэныхьыр дунейм, гуэныхьым и пщIэр ажалщ, ажал яIэ хъуащ цIыху псоми, сыту жыпIэмэ псоми гуэныхь ялэжьащи».**

ЦIыхум ипкъкIэ и псэкIэ ажал иIэ зэрыхъуарщ гуэныхьым нэхъ икIэ дыдэу къыдэкIуар.

— ИпкъкIи и псэкIи ажал иIэ хъуащ жыбоIэ, — игъэщIэгъуащ Ахьмэд, Хьэмдий еплъри. — ПсэкIэ ажал уиIэ хъуным къикIыр сыт?

— Тхьэм цIыхум къыжриIат хуит зыхуимыщIа жыгым пыт мыIэрысэр ишхмэ, абы ажал иIэ зэрыхъунур, — жэуап къритащ

Хьэмдий. — Тхьэр сыт щыгъуи захуэщ, И псалъэм дапщэщи тетщи, цIыхум ажал иIэ хъуащ, абы щегъэжьауэ дэтхэнэ цIыхури, гува-щIэхами, ажалым IущIэнущ, ар къыщIэлъщ. Ауэ гуэныхь щилэжьа махуэм цIыхур и псэкIи лIащ.

— Дауэ ар? — щIэупщIащ Ахьмэд.

— Гуэныхьым кърикIуаращи, Тхьэм цIыхур жэнэтым кърихужащ, — жиIащ Хьэмдий. — Тхьэм гурыIуэу, къабзэу, гуэныхьыншэу щыпсэуа щIыпIэр (*жэнэтыр*) Тхьэм иригъэбгынащ абы, жэнэтым пэIэщIэу псэу хъуащ ар. ЦIыхур и псэкIи лIащ, и гуэныхьым и зэранкIэ ар Тхьэм пэIэщIэ хъуащ. Гуэныхьымрэ, емрэщ цIыхур Тхьэм пэIэщIэ зыщIар. Тхьэм пэIэщIэ хъуамэ, ар зи зэраныр гуэныхьыращ. Тхьэр къабзэщ, узэщIащи, гуэныхьым пэIэщIэщ, аращ дэ гуэныхьым дыщызыхъумэн КъегъэлакIуэ (*Монарджий*) диIэн щIыхуейр (*дыщIыхуэныкъуэр*). Уэ уи фIэщ хъуркъэ, Ахьмэд, уи гуэныхьхэр псори зэратхар?

ПIейтей къэхъуа фэ тету, Ахьмэд жиIащ:

— Ди гуэныхьхэр цIыхум сыт щыгъуи щIыгъу мелыIычитIым зэратхым сыщыгъуазэщ.

— Тхьэм сытри къыддещIэ, — и псалъэм пищащ Хьэмдий. — Iей длэжьми фIы длэжьми елъагъу, ди дэтхэнэ псалъэми, ди дэтхэнэ гупсысэми, ди дэтхэнэ мурадми щыгъуазэщ. А псор тхауэ Тхьэм и пащхьэм илъщ. Къемэтмахуэм уи Iуэху щIафэхэм пщIэуэ ягъуэтынум ущыгъуазэ уэ?

— Хьэуэ,абы щыгъуазэр Тхьэращ, — жиIащ Ахьмэд, щым хъуауэ.

— Тхьэм фIыуэ укъелъагъу уэ, Ахьмэд. Уигу игъэлъ Тхьэм и Щынэм, Мэрям и къуэ Хьисэ, ди гуэныхь псори и пщэ зэрыдилъхьэжар. Псори къыпхуэгъункIэ мэхъу, — жиIащ Хьэмдий Iэдэбу.

ЗаулкIэ гупсысэри, Ахьмэд щIэупщIащ:

— Мысыхь апхуэдиз мыхьэнэ щиIэкIэ, Абы и хъыбар щхьэ зэхамыхарэ Iэдэмрэ Хьэуарэ?

— Абыхэм Мысыхь и хъыбар зэхахауэ бжесIэмэ, уи фIэщ хъун? — еупщIащ Хьэмдий и ныбжьэгъум.

— Хьэуэ, си фIэщ схуэщIынукъым Iэдэмрэ Хьэуарэ Мысыхь и хъыбар зэхахауэ, — жиIащ Ахьмэд.

— Тхьэм цIыхур фIыуэ елъагъу, и нэIэ тригъэкIыркъым абы, — жэуап къитыжащ Хьэмдий. — Аращ Абы и пэ дыдэм къыщыщIэдзауэ Мысыхь и гугъу ищIу щIыщытар. Iэдэмрэ Хьэуарэ къащыщIам ущыгъуазэщ, абы щыгъуэ Тхьэм цIыхур къигъэгугъауэ щытащ ар шейтIаным и IэмыщIэм къизыхын къызэригъэкIуэнумкIэ. Тхьэм шейтIаным къыжриIащ, ар Iэдэмрэ Хьэуарэ зэхахащ:

**«Уэрэ фызымрэ бий фызыхуэсщIынущ, уи жылэмрэ абы и жылэмрэ зэпэIэщIэ (*зэбий*) сщIынущ; ар уи щхьэм къеуэнущ, уэ езым и лъэдакъэм уедзэкъэнущ».**

Библием и кIыхьагъкIэ къуэр адэм и бынущ зэрыщытлъагъур — Ибрэхьим и къуэ, Екъуб и къуэ, ауэ мыбдежым дыщрохьэлIэ «фызым и жылэм». Адэ зимыIэ Гуэр дунейм къытехьэнущ зэгуэр, Ар зи бынынур фызырщ. Абы (*Къуэм*) зэтрикъутэнущ шейтIаным цIыхум хуиIэ тепщэныгъэр, шейтIаныр щIэкъунущ Ар зэриукIыным, блэ нэхъей и лъэдакъэм едзакъэурэ.

Ар дыдэр къэхъуащ, цIыху цIыкIур къригъэлын щхьэкIэ, абы папщIэ зи гъащIэр зыта Хьисэ, Мэрям и къуэр, дунейм къытехьа нэужь.

— Ар гъэщIэгъуэн дыди! — жиIащ Ахьмэд. — Дунейм япэ къытехьа цIыхухэр Тхьэм Мысыхь зэрыщIигъэджыкIар телъыджэ дыдэщ, ар щыхьэт тохъуэ Мысыхь и хъыбарыр Библием и лъабжьэу зэрыщытым. Сызэгупсысын куэд себгъэдэIуащ, Хьэмди. Тхьэр арэзы къыпхухъу.

# ИБРЭХЬИМ И КЪУЭР

— Инджылыр къызэрыпщыхъур сщIамэ, си гуапэ хъунут, — жиIащ Хьэмдий, Ахьмэд хуэзауэ.

— Тхылъ телъыджэщ, — жэуап къритащ Ахьмэд, — хуэдэ седжауэ сщIэжыркъым. ИкъукIэ сфIэгъэщIэгъуэну седжащ Мысыхь илэжьа Iуэху телъыджэхэм я хъыбархэм, Абы и уазхэм, и ущиехэм. Псори IупщI дыдэ пщещIыф, кууэ урегъэгупсыс. ГъэщIэгъуэныракъэ, укъэзыгъэуIэбжь гупсысэм урешалIэри уи бийри фIыуэ плъагъун, екIи уи ужь итми Тхьэ ухуелъэIун хуейуэ. Мысыхь аращ дызыхуигъэIущыр. ТхьэлъэIум теухуауэ Абы жиIам хуэдэ зыщIыпIи сыщрихьэлIауэ сщIэжыркъым. Зызумысыжынщи, а тхылъым хуабжьу ситхьэкъуащ, абы жэуапу щызгъуэтам хуэдиз упщIи сыщрихьэлIащ — ари сыбзыщIынкъым.

— Мис ар гъэщIэгъуэнщ, — пыгуфIыкIащ Хьэмдий. — КъыщIэддзэнщ-тIэ япэ узрихьэлIа упщIэмкIэ.

— Хъунщ, содэ, — жиIащ Ахьмэд. — КъызгурымыIуаращ: сыт Инджылым Ибрэхьим деж къыщыщIидзэу, Даут бегъымбарри абы хиубыдэу, Мысыхь деж нэсыху а лъэпкъыр къыщIрибжэкIыр? Ар къызгурыгъаIуэт.

ЗаулкIэ гупсысэри, Хьэмдий жиIащ:

— ПщIэжмэ, Библием хэбдзIаи шIыбгъуIаи зэрымыхъунум, абы и кIыхьагъкIэ кIуэцIырыкI зы купщIэ зэриIэм и гугъу тщIакIэщ.

— СощIэж, — жиIащ Ахьмэд.

— ПщIэжрэ а купщIэр зищIысыр?

— Мысыхь и хъыбарырщ, — жиIащ Ахьмэд.

— Уи упщIэм и жэуапыр а хъыбарым епхащ, — жиIащ Хьэмдий. — Бегъымбархэм зэрыжаIамкIэ, Мысыхь Ибрэхьимрэ Даутрэ я лъэпкъым къыхэхъукIауэ щытын хуейт.

Хьэмдий и псалъэм заулкIэ егупсысри, Ахьмэд жиIащ:

— Ар гъэщIэгъуэнщ. Нэхъ гурыIуэгъуэ къысщыпщIыфын ар — бегъымбархэм жаIар?

ТIэкIу зиIэжьэри, Хьэмдий жиIащ:

— Аддэ пасэу, илъэс 4000 и пэкIэ, Тхьэр Ибрэхьим къепсэлъауэ щытащ. Тхьэм Ибрэхьим къигъэгугъащ. Тхьэм Ибрэхьим къыжриIам цIыхум дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ иIэу къыщIэкIащ. Теурэтым (*Мусэ и тхылъитхум*) дыкъыщоджэ:

**«Тхьэм Ибрэхьим къыжриIащ: уи хэкум икI, уи Iыхьлыхэм яхэкI, уи адэм и унэм икIи, Сэ пхухэсх щIыналъэм кIуэ. Сэ уэ лъэпкъышхуэ дыдэ къыптезгъэхъукIынущ, Си нэфI пщыхуэнущ, цIэрыIуэ усщIынущ; фIыгъуэри къозгъэуэлIэнущ. Уэ узыгъэлъапIэр згъэлъэпIэнущ Сэ, Iей**

**къыпхужызыIэм Си нэлатыр ятехуэнущ; щIым тет лъэпкъ псоми ялъытэ (*ягъэлъапIэ*) урехъу уэ».**

Куэд щIауэ щхьэгъусэ иIэ пэтми бынишэ цIыхурщ Тхьэм къыхихар. Ар щIыналъэкIэ къигъэгугъащ Тхьэм, къигъэгугъащ лъэпкъышхуэ къытригъэхъукIыну, къыжриIащ цIыхушхуэ, цIэрыIуэ зэрищIынур. Ибрэхьим къызэригъэгугъауэ хъуа псори, къанэ щымыIэу, къыхуищIащ Тхьэм, ауэ Тхьэм ар къызэригъэгугъа псом я нэхъ гъэщIэгъуэныр иужьрейрт: Ибрэхьим и фIыгъэкIэ щIым тет лъэпкъ псоми Тхьэм и нэфI къазэрыщыхуэнур. Мысыхь Ибрэхьим къытехъукIыну лъэпкъым къыхэкIын хуейт, Тхьэм и нэфI лъэпкъ псоми къащыхуэнути, аращ Абы Мысыхь къыщIигъэкIуар.

— Мысыхьми нэгъуэщI гуэрми сыткIэ пщIэрэ Тхьэм къигъэкIуэну мурад зыхуиIар? — щIэупщIащ Ахьмэд.

— Ар IупщI мэхъу, Теурэтым адэкIэ уеджэмэ, — жиIащ Хьэмдий. — Зэман дэкIри, Ибрэхьим къуитI къыщIэхъуащ, зыр, Исхьэкъ зыфIащар, езы Ибрэхьим и фыз Сарэ къилъхуар; адрей Ибрэхьим и унэIут Хьэжэр къилъхуащ, абы Исмэхьил фIащащ. Тхьэм и нэфI Исмэхьил къыщыхуами, Исхьэкъ къалъхун и пэIуэкIэ, Абы Ибрэхьим къыжриIащ Мысыхь къызыхэхъукIынур Исхьэкъ къытепщIыкIыну лъэпкъыр зэрыарар:

**«Уи фызым, Сарэ, уэ къуэ къыпхуилъхунущ, абы Исхьэкъ цIэуэ фIэпщынущ; абыи абы къытехъукIыжынуми зэгурыIуэныгъэ есщIылIэнущ игъащIэкIэ. Исмэхьили щыхуэнущ Си нэфI, абы и лъпкъри згъэбэгъуэнущ; пщы пщыкIутI къыщIэхъуэнущ абы; Сэ абы лъэпкъышхуэ къытезгъэхъукIынущ. Ауэ зэгурыIуэныгъэ зэсщIылIэнур Исхьэкъщ...».**

— Пэжщ, Тхьэм и нэфI зыщыхуа Исмэхьил дэ, хьэрыпхэм, адэ тхуэхъуащ, — жиIащ Ахьмэд. — Дэ, муслъымэнхэм, дощIэ Исхьэкъ и щIэблэм щыщ расул, бегъымбар куэд къызэригъэкIуар.

Хьэмдий и псалъэм пищащ:

— Исхьэкъ къуитI иIащ — Исаурэ Екъубрэ. Тхьэм абы къыжриIащ къызэригъэгугъа Мысыхь Екъуб и щIэблэм къызэрыхэкIынур:

**«Сэ Ибрэхьим, уи адэм, сри-Тхьэщ, Исхьэкъи сри-Тхьэщ. Уэ узытет щIыр уэри уи щIэблэми фэстынущ. Пшахъуэ хуэдэ бэгъуэнущ уи щIэблэр; зыбубгъунущ хы лъэныкъуэмкIи, къуэкIыпIэмкIи, ипщэкIи, ищхъэрэкIи. Уэри уи жылэми фIыгъуэ къахудрекIуэ щIылъэм тет псоми».**

— ГъэщIэгъуэныракъэ, Ибрэхьим къызэригъэгугъа дыдэращ Тхьэм Екъуби къыжриIар, — гу лъитащ Ахьмэд.

— ЖыпIэнурамэ, тIури къызэригъэгугъар зыщ, ар абыхэм я щIэблэхэм ящыгъупщакъым нобэр къыздэсым, — жиIащ Хьэмдий. — Ауэ, Ахьмэд, уэри зэрыплъагъущи, Екъуб и щIэблэмкIэщ Тхьэм и нэфI дунейм цIыхуу тетым къащыхуэну зэрыжиIар.

— Мысыхь Библием купщIэ щIыхуэхъуар къызгурыIуэ хъуауэ си гугъэщ, — жиIащ Ахьмэд.

— Пэжщ, — акъылэгъу хъуащ Хьэмдий. — Зэрыплъагъущи, Израил (*ХьэзрэIил*) къытехъукIа лъэпкъыр къудамэ куэд хъууэ щытащ. ЩIэупщIапхъэщ: Тхьэм къажриIауэ пIэрэ Мысыхь къызыхэкIыну къудамэр? Тхьэм Даут къыхихри абы зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ. Тхьэм къащибзыщIыртэкъым Мысыхь Даут и къудамэм къызэрыхэкIынур. Даут и ужькIэ илъэс щитI дэкIауэ псэуа Ишай бегъымбарым Иессей и къудамэр иригъэщхьыгъащ ираупщIыкIа жыгым. Даут и адэм и цIэр Иессейт. А унагъуэм, жиIэгъащ Ишай, къыхэкIынущ Тхьэм и ЛIыкIуэр. Дунейм тет тхьэмыщкIэ псоми къащхьэщыжынущ Ар, жэнэтым хуэдэ къэралыгъуэ къызэригъэпэщынущ Абы, а къэралыгъуэм ис псоми я фIэщ хъунущ (*ящIэнущ*) Тхьэр. Ишай итхыгъащ:

**«Иессей и лъабжьэм къуэпс идзынущ, абы и лъабжьэм къудамэ къыдэжынущ; Тхьэм и Псэр Абы къыхыхьэнущ... ТхьэмыщкIэхэм хьэкум захуэ ятрищIыхьынущ Абы, дунейм тет гугъуехьакIуэ псоми я Iуэхухэр захуагъэм тещIыхьауэ зэригъэзэхуэнущ... А махуэм къэхъунуращ: Иессей и лъабжьэм, лъэпкъхэм бэракъ пэлъытэ яхуэхъунум, мэжусийхэр еувэлIэнущ, — а шIыпIэр щIыхькIэ гъэнщIа хъунущ».**

— Дегъэплъыт иджы тэмэму къызгурыIуарэ къызгурымыIуарэ, — жиIащ Ахьмэд.

— КъызэрызгурыIуамкIэ, Тхьэм къажриIащ Мысыхь Ибрэхьим, Исхьэкъ, Екъуб, Даут сымэ я щIэблэм къызэрыхэкIынур.

— Тэмэм! — жиIащ Хьэмдий, и гуапэ хъуауэ. — Инджылым дыщеджэкIэ долъагъу Мысыхь зэрыжаIа дыдэм хуэдэу къызэралъхуар. Аращ Инджылыр Ибрэхьимрэ Даутрэ я лъэпкъ жыгымкIэ убла щIэхъуар — Мысыхь абыхэм зэращIэблэм щыхьэт тохъуэ ар.

— Мысыхь Библием зэрикупщIэми щыхьэт тохъуэ ар. НэгъуэщI куэдми сыщIэупщIэнущ сэ, уэри къызэрыбгурыIуэщи, — жиIащ Ахьмэд сэлам щызэрахыжым.

# ТХЬЭР ЗАКЪУЭЩ

— Сыт иджыпсту плъагъур? — еупщIащ Ахьмэд и ныбжьэгъум, и Iэпхъуамбищ ишийри.

— Уи Iэпхъуамбищ зэрыпшияр солъагъу, — пыдыхьэшхыкIащ Хьэмдий, Ахьмэд зыщIэупщIэнум гу лъитати.

— Тхьэр зэрызакъуэр уи фIэщ хъурэ уэ хьэмэ щы хъурэ?

— Си фIэщ зэрыхъу псор и кIэм нэсу къыбгурымыIуэнкIи хъунщ уэ, — жэуап кърitащ Хьэмдий, — ауэ уэ къыбгурыIуэн хуейщ уафэри щIылъэри зыухуа, зи гъащIэр ин, псори зыщIэ, дэни нэс (*псори зылъагъу*) Тхьэр зэрызакъуэр си фIэщ зэрыхъур. Библием шэч къызэрытезмыхьэр уощIэ уэ, Библием къыджеIэ Тхьэр зэрызакъуэр; ар щыпкъэщ, Библиер куэдрэ щыхьэт тохъуэ абы.

— Тхьэр щы хъунукъым, Тхьэр закъуэщ, пэжкъэ? — тригъэчыныхьыурэ, и Iэпхъуамбищыр аргуэру ищиящ Ахьмэд, икIи къыщIигъужащ:

— 1+1+1=3-щ, 1-къым, пэжкъэ?

— Уэ Ахьмэд дапщэ ухъурэ — зы, хьэмэ тIу? — щIэупщIащ Хьэмдий.

— Зыщ,дауи, — жиIащ Ахьмэд.

— Уэ пкъыи, псэи къуитри укъигъэщIащ Тхьэм, — жиIащ Хьэмдий. — Уи пкъыр Ахьмэд?

— Дауи, — жиIащ Ахьмэд.

— Уи псэр-щэ, ари Ахьмэд? — щIэупщIащ Хьэмдий аргуэру.

— Щэч хэлъкъым, — жиIащ Ахьмэд, Хьэмдий псалъэр зытришэр къыгурыIуауэ.

Хьэмдий псалъэм пищащ:

— Тхьэр закъуэщ, ауэ Абы теплъиищ иIэ щIэмыхъунур сыт, дэ теплъэ тIурутI диIэу дыкъыщигъэщIакIэ?

ЗаулкIэ щыма нэужь, Хьэмдий къыщIигъужащ:

— Тхьэр зэрызакъуэр хьэкъщ, теплъиищ иIэу къыщыдигъэлъагъум дежи. Дапщэ хъурэ: 1x1x1?

— Зыщ, — жиIащ Ахьмэд. — Ауэ Хьисэ, Мэрям и къуэр, цIыхущ, Тхьэм и къуэкъым, пэжкъэ? — Хьэмдий и нэм щIэплъащ Ахьмэд. — Уэ дауэ плъытэрэ: Мысыхь Тхьэм икъуэ?

— Сэ зэрыслъытэр пщIэркъэ уэ? — къеупщIащ Хьэмдий и ныбжьэгъум.

— СщIэркъым. Шэч зэрысщIымкIэ, Тхьэр Мэрям пшащэм лIы хуэхъуауэ уи фIэщ мэхъу уэ. ИтIанэщ къуэ къыщыщIэхъуар. Аракъэ зэрыплъытэр?

— Іэстофрилэхь! жиІащ Хьэмдий. — Апхуэдэу слъытэркъым сэ, Мысыхь иригъэджахэми (*и апостолхэм*) апхуэдэу зылъытэ яхэтауэ сщІэркъым.

Ар гъэщІэгъуэн къыщыхъуащ Ахьмэд:

— СыттІэ уэ уи фІэщ хъур?

— Сэ си фІэщ мэхъу Тхьэр зэрыуахътыншэр; игъащІэ лъандэрэ щыІащ Ар — зыгуэр къэунэхун и пэ лъандэрэ — жиІащ Хьэмдий. — Мысыхь къыщалъхуам дежкъым Инджылым къыщыщІидзэр. Тхьэм дунейр иухуэн ипэ къыщІедзэ Инджылым. Абы дыкъыщоджэ:

**«ЯпэщІыкІэ щыІащ Псалъэр, Псалъэр Тхьэм ейт, Псалъэр Тхьэрат. Ар Тхьэм еящ япэщІыкІэ (*ублапІэм*). Псори АбыкІэщ къызэрыхъуар, къэхъуам щыщу зыри къэхъуакъым Арыншауэ. Абы гъащІэр хэлът».**

— Тхьэм дунейр ПсалъэкІэ иухуащ, пэжкъэ?

— Ар пэжщ. Тхьэм жиІащ: ирехъу! ИкІи къэхъуащ (*кун фа якун*), — жиІащ Ахьмэд.

— Аращи, Тхьэм езым и ПсалъэкІэ дунейр иухуащ, — жиІащ Хьэмдий. — Тхьэм къыпкъырыкІа а Псалъэр Тхьэм щыщ пкъыгъуэт, псори зэриухуэ, къызэригъэщІа къарут. А Псалъэм дэнэкІэ зиунэтІми, абыкІэ гъащІэ къыщыунэхурт зэмылІэужьыгъуэ защІэу.

— Сыакъылэгъущ абыкІэ, ауэ «Псалъэр Тхьэт» жыхуэпІэм и мыхьэнэ дыдэр сыт? — щІэупщІащ Ахьмэд.

— Хьэкум (*суд*) щащІэкІэ щыхьэт сыхъуатэмэ, сэрэ си псалъэмрэ зэкІэрыпч хъунутэкъым, — жиІащ Хьэмдий. — Си псалъэр сэ сщыщ Іыхьэщ, ар сэ згуэпх хъунукъым. Уэрэ сэрэ мыбдеж дыщысу дыщызэпсалъэкІэ, ди псалъэхэр дэ тщыщ Іыхьэщ, апхуэдэу щыщыткІэ ди псалъэхэр дэ щыхьэт къыттохъуэ. Дунейр щиухуэм щыгъуэ Тхьэм жиІа псалъэр Езым щыщт. Тхьэмрэ Абы и Псалъэмрэ пхузэкІэрычынукъым уэ. Езым щыщ Псалъэ уахътыншэхэр Тхьэм хилъхьащ (*хипщащ*) Мэрям и къуэ Хьисэ, Езым хэлъ фІагъ псори и ПсалъэмкІэ Абы иритащ. Мис Инджылым итыр:

**« Псалъэр пкъы хъури дэ къытхыхьащ, фІыгъуэрэ щыпкъагъэкІэ гъэнщІауэ тщІыгъуащ, дэ тлъэгъуащ Абы и щІыхьыр — И Адэм къыбгъэдэкІа щІыхьыр».**

— Тхьэм Езым зыхужиІэжауэ хъуари и фІагъ псори Мысыхь зэрылъапІэр щалъагъукІэ, цІыхухэм Абы далъагъурт Тхьэм и лъапІэныгъэ псори.

— Тхьэр лъагъуныгъэщ. Мысыхь цIыхухэр зэрищIасэр щалъагъукIэ, абыхэм Абы далъагъурт Тхьэм и лъагъуныгъэр.

— Мысыхь и гуащIэри и тепщэгъуэри инщ. Ар псым тету, жьыбгъэшхуэхэр игъэIурыщIэу, ерыскъыр игъэбагъуэу, нэфхэр къигъэплъэжу, лIахэр къигъэхъужу щалъагъукIэ, абыхэм ялъагъурт Тхьэм Мысыхь кърита къарумрэ зэфIэкIымрэ.

— Дауэ Тхьэр сытми зэрыхунэсынур, Ар зы цIыхум деж къыщызэтеувыIэмэ? — икIуэтыртэкъым Ахьмэд. — Мысыхь и пкъым итыху, дуней унафэр Iэпэдэгъэлэл (*IэщIыб*) пIалъэкIэ ищIауэ арат Абы?

— Ахьмэд, — жиIащ Хьэмдий, — дэ хы гъунэншэм дытехьауэ къызыфIэгъэщIыт. Псы Iэгубжьэ къыщIыдогъалъэ, зыдогъэзыхри. IэгубжьэкIэ къыщIэдгъэлъа псыр къэтхутэмэ, ар зыкIи къыщхьэщыкIынукъым къызыхэтха хым. Абы хуэдабзэщ Мысыхьи. Зи гъащIэр ин Тхьэ уахътыншэр дэни нос, Мысыхьыуи щытащ, псори зэлъигъэIэсырт, и гуащIэри и лъэщагъри зэрыбгъэдэлъу. Мысыхьыу дунейм къытехьа щхьэкIэ, Абы хэщIаIакъым — зэрыуахътыншэу къэнэжащ.

— ИтIани цIыху сурэтым ихьэн хузэфIэкIынукъым Тхьэм, — арэзы хъуакъым Ахьмэд.

— Тхьэм хузэфIэмыкIын щыIэкъым, — жиIащ Хьэмдий. — Ар уигу дауэ къэбгъэкIыххэрэ, хузэфIэкIынукъым жыпIэу? Псори хузэфIэкIынукъэ Абы?

— АбыкIэ узахуэщ, Тхьэм псори хузэфIэкIынущ, жиIащ Ахьмэд. — Ауэ си фIэщ хъуркъым Ар цIыху теплъэм ихьауэ.

— Ар дэркIэщ зэрызэхэщIыкIыгъуейр, Тхьэм дежкIэ абы хэлъIакъым — абыкIэ ди акъыл зэтохуэри, ари фIыщ. Зыхуейуэ хъуар илэжьыфынущ Тхьэм, — жиIащ Хьэмдий. — МафIэ зыщIэна чыцэм къыхыхьэри Мусэ къепсэлъауэ щытащ Тхьэр — ари уи фIэщ хъунукъым уэ, дауи. Уи щыпэзэхэхщи, аращ уи фIэщ щIэмыхъунур. Сыт къыпэбздыжын абы? Ари хузэфIэкIынукъэ Тхьэм?

Ахьмэд заулкIэ гупсысэри пыгуфIыкIащ: чыцэм къыхыхьэным нэхърэ нэхъ къегугъуэкIакъым Тхьэм цIыхум къыхыхьэныр — ар къыгурыIуащ Ахьмэд.

Хьэмдий и псалъэм пищащ:

— Ахьмэд, егупсысыт: хэт Ар, «Тхьэм и ПсалъэкIэ», «Тхьэм и ПсэкIэ» зэджэр? Дэ дощIэ: Тхьэм и Псэр Мэрям пщащэм къыхыхьэри, ар уэндэгъу хъуащ, Мысыхьи къилъхуащ ДжэбрэIил мелыIычым къызэрыжриIауэ:

**«Псэ лъапIэр къыпхуэкIуэнущ уэ, Тхьэм и гуащIэр къыпхыхьэнущ уэ, абы къыхэкIкIэ уэ къэплъхум Тхьэм и КъуэкIэ еджэнущ».**

Хэт апхуэдэ щIыкIэкIэ дунейм къытехьар — аращ зыщIэупщIапхъэр.

Ахьмэд, Мысыхь и зэманым удохутырауэ, Ар къызэралъхуам щыхьэт техъуэ тхылъ птхын хуеяуэ уи нэгу къыщIэгъыхьэт. Дауэ птхынт ар? Сыт хуэдэ цIэ фIэпщынт Абы?

— Мэрям и къуэ Хьисэ — арагъэнт тхылъым истхэну цIэр, — жиIащ Ахьмэд.

— И анэм и цIэр-щэ? — щIэупщIащ Хьэмдий.

— Мэрям пщащэ хъунт.

— Адэм и цIэри итхэн хуейт тхылъым, дауэ?

— Абы адэ иIакъым, — жиIащ Ахьмэд.

— И адэцIэр къыщыдмыгъэлъэгъуэнкIи хъунт тхылъым, Абы дунеягъэкIэ адэ щимыIакIэ, — жиIащ Хьэмдий. — Е, сэ сщIэрэ, дызэупщIыжынкIэ хъунт: дэнэ атIэ Ар къыздикIар? Сыт хуэдэ хэкIыпIэ иIэ Абы, Тхьэм и ПсалъэкIэ, Тхьэм и ПсэкIэ зэджэм? Хэт хъуну атIэ Ар, уафэм къехар? Езым мыр жеIэ Абы:

**«Тхьэм и гъавэр уафэм къехыращ, дунейм гъащIэ къезытыращ... Сэ гъащIэм сригъавэщ; Си деж къакIуэр мэжэлIэнукъым, Сэ зифIэщ сыхъур псыхуэлIэм иукIынукъым зэи (*псы зэи хуэлIэнукъым*)».**

**«Сэ псэ зыпыт сыгъавэщ, уафэм сыкъехауэ; а гъавэр зышхыр игъащIэкIэ псэунущ; сэ фэстыну гъавэр сипкъырщ, ар дунейм и гъащIэм щIэстынущ».**

— Ахьмэд Ар къыщIэкIуар и пкъыр цIыху цIыкIум щхьэузыхь (*къурмэн*) хуищIын щхьэкIэщ. ЩIакхъуэ (*гъавэ*) щIашхыр я пкъыр щIэмылIэн (*псэун*) щхьэкIэщ. Тхьэм и гъавэр, уафэм къехар зышхым и псэр уахътыншэ мэхъу. Мысыхь зи фIэщ хъур, Ар зи лъым щыщыр Тхьэм къиузэщIынущ, Абы и нэфI къыщыхуэнущ. Мысыхь уэр папщIэ къурмэн ищIащ Тхьэм.

— Ар гурыIуэгъуафIэкъым сэркIэ. ЗэкIэ сыхунэсакъым, — жиIащ Ахьмэд. — Гупсысэ Iэджэ щызэхэзэрыхьыжащ си щхьэм. Сэ къызгурыIуэу щIэздзащ уэ Тхьэр уи фIэщ щIэхъум и щхьэусыгъуэр, гугъу сыдехьми, къызгурыIуэ хъуа си гугъэщ Тхьэм Мысыхь лIыкIуэ къыщIищIар. Уэ уощIэ сэ Мысыхь гурэ псэкIэ фIыуэ зэрыслъагъур, ауэ зи жэуапым сылъыхъуэ упщIэ зыбжанэ сиIэщ. Абыхэм я жэуап пщызгъуэтын си гугъэщ дяпэкIэ.

# ТХЬЭМРЭ ЦІЫХУХЭМРЭ

— Иужьрей ди псалъэ макъыр си щхьэм илъ зэпытщ,— жиIащ Ахьмэд. — ЯпэщIыкIэ къызжепIащ Мэрям и къуэ Хьисэ цIыхущ жыпIэри, итIанэ Ар Тхьэуэ, Тхьэм гухьэу къызжепIащ. Хэт—тIэ Ар, и пэжыпIэр сыт? ЦIыхум, Мэрям, къилъхуа пэт Мысыхь Тхьэ фымыщIауэ пIэрэ? КъызгурыIуэркъым.

— ПщIэрэ, Ахьмэд,— жиIащ Хьэмдий,— а упщIэм и жэуапым гъащIэ уахътыншэм и хэкIыпIэр къыбгуригъэIуэнущ — дунейм утетми Тхьэм и пащхьэм уихьэжми. ТхьэпэлъытэкIэ уеджэ хьунт Абы, цIыхур Тхьэ хъуауэ тлъытатэмэ. Библием жиIэр нэгъуэщIщ: Тхьэр цIыхуу къытхуэкIуащ, цIыхуракъым Тхьэ хъуар. Мысыхь цIыхум къызэрилъхуар дощIэ псоми. Ар Ибрэхьим, Даут, Мэрям сымэ я щIэблэщ, я бынщ. Ауэ Мысыхь къалъхун и пэ жаIэу зэрыщытащи, Тхьэм цIыхум къажриIэгъащ, Мысыхь хъуауэ Ар къызэрыкIуэнур.

Мысыхь къалъхун и пэ расулхэмрэ бегъымбархэмрэ къащIауэ щыта Тхьэр Мысыхь хъуауэ къызэрыкIуэнур?— щIэупщIащ Ахьмэд къэуIэбжьауэ.

— Библием и купщIэр Мысыхьщ — ар бжесIакIэщ. Абы къыхэкIкIэ щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым Мысыхь и пэжыпIэр Тхьэм бегъымбархэм къажриIэу зэрыщытар, — жиIащ Хьэмдий. Сыгъэлъагъут: дэнэ деж ар Библием здитыр? ТIэкIурэ гупсыса нэужь, Хьэмдий жиIащ:

— Мысыхь къалъхуным илъэс 700 хуэдиз иIэу, Тхьэм Михей бегъымбарым къыжриIауэ щытащ Ар ВифлиемкIэ зэджэ къалэм къызэрыщалъхунур. КъинэмыщIауи, Тхьэм абы къыжриIэгъащ Ар, къалъхун хуейр, къалъхун и пэ псэууэ зэрыщытар.

Инджылым зэритщи, Мысыхь Вифлием къыщалъхуащ:

**«Галилей, Назарет къалэм, къикIри, Исуф Иудейм, Даутхэ я къалэм, ВифлеемкIэ зэджэм, кIуащ, Мэрям къишэн папщIэ; сыту жыпIэмэ ар Даут и унагъуэм, и лъэпкъым щыщти; Марям лъэщыджэт абы щыгъуэ. Ахэр абы щыдэсым, Мэрям и лъхуэгъуэр къэсащ, и къуэ щыпэлъхури къилъхуащ».**

Хэт Ар, дуней къытехьэн и пэ, псэуар? Абы езым жиIэгъащ шэч къытезыхьэ Иудейхэм Ерусалим (*Аль-Къудус*) къазэрыщепсэлъар:

**«Ибрэхьим, фи адэм, и гуапэт си махуэр илъагъуну; илъагъури гуфIащ. Иудейхэм Абы жраIащ: Уэ илъэс щэ ныкъуэ ухъуркъым иджыри, — дауэ Ибрэхьим зэрыплъэгъуар? Хьисэ абыхэм яжриIащ: пэж, пэж дыдэ вжызоIэ: Ибрэхьим къэхъун и пэ Сэ сыпсэуащ (*сыщыIащ*)».**

Дэ дощIэ: Ибрэхьим щыпсэуар Хьисэ къалъхуным илъэс 2000 и пэкIэщ.

— Апхуэдэу щыщыткIэ, Езы Мысыхь щыхьэт тохъуэ къалъхун и пэ зэрыпсэуам, —жиIащ Ахьмэд. — Тхьэр Мысыхь хъуауэ цIыхум къазэрыхуэкIуэнум теухуа дэнэ деж бегъымбархэм Библием щратхар?

— Абы куэдрэ ущрохьэлIэ Библием,— жиIащ Хьэмдий. — Ишай бегъымбарыр тепсэлъыхьащ Абы, Марям и къуэ Хьисэ къыщыхъуа хэку цIыкIум къралъхуэнум. Абы къэралыгъуэ уахътыншэ иухуэнущ, Тхьэм и щIасэ хъунущ ар. Даути щикъуэкIэ, а къэралыгъуэр Абы и унафэм игъащIэкIэ щIэтынущ. Бегъымбарыр Мысыхь зищIысым топсэлъыхь, Абы фIаща цIэ зэмылIэужьыгъуэхэр ириIуэурэ:

**«Сабий къытхуалъхуащ дэ, Къуэ къытщIэхъуащ; и лъэщыгъэр и плIэм хэлъщ Абы: цIэуэ фIащынущ Абы: Телъыджэ, Чэнджэщэгъу, Тхьэ лъэщ, уахътыншагъэм и Адэ, дунейм Ипщ (*и Тепщэ*)».**

Тхьэм къыфIищ цIэмкIэ къыбощIэ цIыхур зыхуэдэр. АтIэ хэт Ар, Ахьмэд мы цIэхэр зезыхьэр: Телъыджэ, Чэнджэщэгъу, Тхьэ лъэщ, уахътыншагъэм и Адэ, дунейм Ипщ (*И Тепщэ*)?

— Иджы си нэгу къыщIэувэ си гугъэщ Мысыхь и шыфэлIыфэр (*и теплъэр*), Ар къалъхун и пэ бегъымбархэр зэрытетхыхьауэ, — жиIащ Ахьмэд. — Ауэ пэжу пIэрэ Езым иухуа дунейм Тхьэр къызэрытехьар?

— УмэхъакIуэ Яхья Мысыхь и зэманым псэуащ, — жиIащ Хьэмдий. — Ар Тхьэм къиIуэхуауэ щыташ, цIыхур (*цIыхубэр*) Мысыхь къыщыкIуэну махуэм хуигъэхьэзырын, тобэ къаригъэхьыжын, Ар я фIэщ яригъэщIын щхьэкIэ. Езыр зищIысымкIэ, Тхьэм къыщIиIуэхуамкIэ щеупщIым, абы и жэуапу Яхья Ишай бегъымбарым и псалъэхэм иригъэдэIуащ цIыхур:

**«Къумым къыщыджэм и макъщ: Зиусхьэным гъуэгу хуэвгъэхьэзыр, губгъуэм гъуэгур захуэ щыхуэфщI ди Тхьэм; псыхъуэ къэс щыз ирехъу, бгы къэси Iуащхьэ къэси ирелъахъшэх, къуаншэр захуэ ирехъу, гъуэгу быркъуэшыркъуэхэм зреузэщIыж. КъэкIуэнущ (*къэсынущ*) Зиусхьэным и щIыхьыр, Тхьэм къихъумэнущ дэтхэнэ зыри».**

Пащтыхьышхуэ къакIуэ хуэдэущ Ишай Абы зэрытепсэлъыхьыр. Абы гъуэгущIэ, гъуэгу захуэ, гъуэгу джафэ щыхуэухуэн хуейщ къумым. Хэт-тIэ ар ди деж къакIуэ пащтыхьыр, Ахьмэд?

— Бегъымбарым зэрыжиIэмкIэ, ар ди Тхьэращ, — жиIащ Ахьмэд, хэгупсысыхьауэ.

— Ар нэхъ гурыIуэгъуэ къыпщыхъунщ, бегъымбарым и псалъэхэм адэкIэ уеджэмэ:

**«...Уи макъым нэхъри зегъэIэт, фIыгъуэр зей Ерусалим! ЗегъэIэт, умышынэ; Иудэ и къалэхэм яжеIэ мес ди Тхьэр! Ди Тхьэу ди Зиусхьэныр къэкIуэнущ, и гуащIэ щызу, и унафэр и Iэблэм хэлъу...Мэлыхъуэм хуэдэу, Абы и хъушэр игъэхъунущ; щынэхэр и IэмкIэ къищтэнущ Абы, и бгъафэм щIигъэлъынущ, мэл лъхуахэр хъупIэм къыщришэкIынущ».**

Езыми зэрыжиIащи, цIыхухэм мэлыхъуэ хуэдэу къахуэкIуащ Мысыхь:

**«Сэ сы-Мэлыхъуэ Iумахуэщ. Мэлыхъуэ Iумахуэм и псэр и мэлхэм папщIэ ет».**

— Хэт-тIэ, Ахьмэд, Ар, Мэлыхъуэ Iумахуэ хуэдэу къэкIуэнур?

— Абы зи гугъу ищIар Езы Тхьэ дыдэрауэ си гугъэщ, — жиIащ Ахьмэд, и гум бегъымбарым и псалъэхэр хыхьауэ.

Хьэмдий и псалъэм пищащ:

— Иджы къыбгурыIуагъэнщ, Ахьмэд, бегъымбархэм жаIауэ хъуар зэрызащIэр — Мысыхь дунейм къытехьащ Мэрям и къуэ Хьисэу.

Мысыхь къалъхун и пэ, ДжэбрэIил Зэчрей, УмэхъакIуэ Яхья къызыхуалъхунум, деж къэкIуауэ щытащ. ДжэбрэIил мелыIычым къыжриIащ абы къуэ къызэрыхуалъхунури, Зэчрей и къуэм Iуэхушхуэ къызэрыщIэлъри.

**«И анэм и ныбэ илъ щIыкIэ абы Псэ ЛъапIэр къыпкърыхьэнущ. Израилым и бын куэд ди Тхьэу Зиусхьэным иришэлIэнущ абы; Абы и пащхьэ ихьэнущ ар Иляс и гуащIэрэ и псэкIэ, адэхэм я гур бынхэм я деж яригъэгъэзэжын, жыIэмыдаIуэхэр гъуэгу захуэм тришэжын папщIэ, хьэзыр хъуауэ цIыхубэр Тхьэм Iуигъэщlэн щхьэкIэ».**

— Инджылым зэритымкIэ, хэт Ар, УмэхъакIуэ Яхья зи пащхьэ ихьар, Ахьмэд?

— Зиусхьэнырщ, Я Тхьэрщ, — жэуап къритыжащ Ахьмэд.

— УмэхъакIуэ Яхья къалъхуа къудейт, Зэчрей сабий цIынэм щхьэкIэ мыр щыжиIам:

**«Уэ, си сабий, ди щхьэщыгу итым и бегъымбар ухъунущ, Зиусхьэным и пащхьэ нэхум уихьэнущи, — Абы гъуэгу хуэбгъэхьэзырын щхьэкIэ, цIыхухэм я гуэныхьыр ящхьэщихын мурадкIэ Ар къызэрыкIуар къагурыбгъэIуэн папщIэ, Ар гуащIэмрэ гущIэгъумрэ зи куэд Тхьэм лIыкIуэ къызэрищIар яжепIэн щхьэкэ».**

Аращи, Ахьмэд Яхья и къуэ Зэчрей, Ишай бегъымбарыми, ДжэбрэIил мелыIычми, езым и адэми зэрыжиIащи, Зиусхьэным и пэ къызэрищар уолъагъу, абы къыкIэлъыкIуар Езы Тхьэращ.

— Пэжщ, ар сэ къызгурыIуащ, си фIэщи хъуащ Мысыхь къэкIуа нэужь а псори пэж зэрыхъуар,— жиIащ Ахьмэд, шэч къытримыхьэжу.

— Пэж дыдэ хъуащ, жиIащ Хьэмдий, — Мэрям пщащэ Мысыхь Даутхэ я къалэ Вифлеем къыщилъхуа нэужь, Зиусхьэным и мелыIычыр хъупIэм ит мэлыхъуэ зыбжанэм я деж къакIуэри, къажриIащ:

**«...фыкъэмыщтэ; цIыху псоми гуфIэгъуэ хъыбар къыфхуэсхьащ: Даутхэ я къалэм нобэ къыщалъхуащ КъегъэлакIуэр, Ар Зиусхьэн Мысыхьщ».**

Мысыхь Езы Зиусхьэнырауэ зэрыщытым Инджылыр куэдрэ щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщIэ, Абы мыр щыжиIам деж:

**«Сэрэ Адэмрэ дызщ».**

— Мэрям и къуэ Хьисэ фIыуэ слъагъуу, пщIэшхуи хуэсщIу щытащ сыт щыгъуи,— жиIащ Ахьмэд. — Ауэ иджыщ къыщызгурыIуэпар Мысыхь зищIысымрэ Ар дунейм къыщIэкIуамрэ. ФIыщIэ ин пхузощI, Хьэмдий уи зэман уемыблэу, ар къызэрызгурыбгъэIуам щхьэкIэ.

— Ахьмэд,— жиIащ Хьэмдий,— Мысыхь уи фIэщ зэрыхъум елъытащ Тхьэм уи гуэныхьыр къызэрыпхуигъэгъунури гъащIэ уахътыншэ къуззэритынури.

Ажалым текIуа, лIахэр къэзыгъэхъужа Мысыхь жиIащ:

**«Къэхъужари гъащIэри Сэращ; зи фIэщ сыхъур, лIэми, къэхъужынущ; зи фIэщ сыхъу дэтхэнэри игъащIэкIэ псэунущ».**

— Ахьмэд, Мысыхь уи фIэщ зэрыхъум щхьэкIэ Тхьэм къуит тыгъэр къеIыпхрэ?

— Пэжщ, иджыпсту зыхэсщIэ къысщохъу Ар си бжэм къызэрытеуIуэр, — жиIащ Ахьмэд, и нэпсым къызэпижыхьауэ. — Дауэ Тхьэм и тыгъэр къызэрыслъысынур?

— Ар хьэлъэкъым,— жиIащ Хьэмдий. — Уи псалъэкIэ елъэIу Тхьэм. Зыри щумыбзыщI Абы — Тхьэм арыншэми псори къыддещIэ. Уэ къурмэн зыпхуэзыщIа МысыхькIэ тобэ къэхьыж. Тхьэм елъэIу, Абы и Псэ ЛъапIэр уи гъащIэм къыхыхьэн, Мысыхь и гъуэгум урикIуэн, Абы и еджакIуэ ухъун щхьэкIэ, къару къуитыну. Мысыхь и цIэмкIэ елъэIу. Ар, къурмэн зэрызищIам щхьэкIэ, уэрэ ди Тхьэу ди Адэмрэ фяку дэт хъуащ.

Тхьэм и тыгъэу Мысыхь къабыл пщIымэ, уэ зы фIыгъуэшхуэ къоуэлIэнущ. Уэ ЩIэрыщIэу укъалъхуауэ къыпщыхъунщ, Тхьэм гъащIэщIэ къуитынущ, Абы нэгъуэщI щытыкIэ уиIэу уищIынущ. Тхьэр уи Адэ хъунущ, уэ — Абы и къуэ, Мысыхь еувэлIахэм щхьэкIэ Инджылым зэрыщытхауэ:

**«Ар къабыл зыщIахэр, Ар зи фIэщ хъухэр хуит ищIащ Тхьэм и бынкIэ зэджэну».**

Тхьэм елъэIуа нэужь, Зиусхьэным фIыщIэ хуащIри, Хьэмдий, къыпыгуфIыкIыу, жиIащ: — фIэхъус апщий, къеблагъэ, къытхыхьэ иджы! Мысыхь зэш дызэхуищIащ дэ, Ахьмэд, Тхьэм и бынунагъуэшхуэм щыщ дыхъуащ.

— Дауэ фIыщIэ зэрыпхуэсщIынур! — гуфIэщауэ жиIащ Ахьмэд.

— Тхьэращ фIыщIэ зыхуэпщIынур, махуэ къэси хуэщI Абы фIыщIэ,— жиIащ Хьэмдий. — Мысыхь и Iумэтым итхэм щIэх—щIэхыурэ заIугъащIэ. Мысыхь и еджакIуэр иущийуэ зэрыщыта зэчырыр жыпIэнкIэ пхуэфащэщ уэ иджы:

**«Ди Адэ, ди Щхьэщыгу ит! ИрелъапIэ Уи цIэр, Уи тепщэгъуэр кърес, Уи гуащIэр уафэми щIылъэми щызрекIуэ, ерыскъы (*гъавэ*) дыщумыгъащIэ (*къыдэт*) ноби; ди щIыхуэр къытхуэгъэгъу, ди щIыхуэ зытелъхэм зэрахуэдгъэгъум хуэдэу. Дыщумыгъауэ (*думыгъэщхьэрыуэ*), бзаджэнаджэм дыщыхъумэ; Уэращ зи Тепщэгъуэр (*Тепщэгъуэр зиIэр*), гуащIэри щIыхьри игъащIэкIэ зейр. Iэмин».**